

Maladi lejyonè : kesyon moun poze souvan

Depatman Sante NYC ap mennen yon ankèt sou yon seri ka maladi Legionnaires nan zòn Carnegie Hill ak Yorkville, nan Upper East Side Manhattan (kòd postal 10028, 10128 ak 10075).

Ki sa Maladi lejyonè la ye?

Maladi lejyonè a se yon kalite nemoni bakteri *Legionella* lakòz; bakteri sa yo devlope nan dlo tyèd. Li lakòz sentòm ki sanble ak grip, tankou lafyèv, frison, doulè nan misk, tous ak difikilte pou respire. Yo ka trete maladi lejyonè la avèk antibyotik, men konplikasyon yo ka grav, oswa menm lakòz lanmò, si moun nan pa resevwa tretman.

Kilès ki an risk?

Ou gen plis risk si ou gen 50 an oswa plis, si ou fimen oswa itilize sigarèt elektwonik (vape), si ou gen yon kondisyon sante oswa si w ap pran yon medikaman ki febli sistèm iminitè w, oswa si ou gen dyabèt oswa yon maladi kwonik nan kè, nan poumon, nan ren oswa nan fwa. Maladi lejyonè la lakay timoun ak tibebe ra anpil.

Chèche swen medikal imedyatman si ou gen sentòm epi w ap viv, travay, oswa vizite zòn ki gen kòd postal ki afekte yo depi fen mwa jen. Pou jwenn èd pou w jwenn yon founisè swen sante, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon oswa asirans ou, rele **311** oswa 844-692-4692.

Èske mwen ka fè tès pou maladi lejyonè a?

Pa gen okenn tès depistaj pou maladi lejyonè la. Si ou gen sentòm maladi lejyonè la, yon pwofesyonèl swen sante ka fè dyagnostik la baze sou yon seri tès.

Ki sa yo rele yon gwoup ka maladi lejyonè la nan yon kominote?

Bakteri *Legionella* yo komen epi yo egziste natirèlman nan anviwònman an. Lè plizyè ka maladi lejyonè la parèt nan menm zòn nan sou yon kout peryòd, Depatman Sante a fè yon ankèt epi li elimine sous bakteri an. Nan ka epidemi ki te fèt nan Upper East Side la, Depatman Sante a te lanse yon ankèt lè yo te konfime de ka.

Èske yo ka anpeche maladi lejyonè la la?

Pa gen okenn vaksen oswa medikaman pou anpeche maladi lejyonè la, men yo ka trete l avèk

antibiyotik. Se poutèt sa, li enpòtan pou w konsilte yon pwofesyonèl sante imedyatman si w te rete nan zòn ki afekte a epi w ap santi sentòm ki sanble ak grip.

Pi bon fason pou anpeche epidemi maladi lejyonè moun trape nan kominote a, se pou pwopriyetè bilding yo byen konsève gwo sistèm refwadisman (cooling towers) kote bakteri *Legionella* a ka devlope.

Ki sous epidemi maladi lejyonè sa a?

Sous posib bakteri *Legionella* ki lakòz gwoup ka sa yo se youn oswa plizyè tou refwadisman ki sitiye nan zòn ki afekte a. Gwo fò won refwadisman se sistèm ki baze sou dlo, ki jeneralman sitiye sou twa bilding yo. Yo pi souvan itilize yo pou fè èkondisyone nan yon bilding oswa pou fè refrijerasyon. Gwo fò refwadisman yo voye vapè dlo (bwouya) ki ka gen bakteri *Legionella* ladan l. Manm kominote a ta ka respire vapè a epi tonbe malad.

Depatman Sante a ap fè tès sou echantyon dlo ki soti nan tou refwadisman nan zòn nan. Yo dwe netwaye epi dezenfekte imedyatman gwo fòtèy refwadisman kote analiz yo montre prezans *Legionella*.

Èske mwen plis an danje anndan bilding mwen an?

Risk pou moun trape Maladi lejyonè la lè yo respire lè ki anndan yon bilding pa diferan de risk moun ap rankontre yon lòt kote nan katye a.

Èske li san danje pou m itilize dlo ki nan apatman m nan?

Wi, ou ka bwè dlo, benyen, kwit manje, epi itilize èkondisyone w la san danje. Li espesyalman enpòtan pou w kontinye itilize èkondisyone w la lè vil la ap fè fas ak gwo chalè ekstrèm epi tanperati yo rive nan nivo ki danjere.

Yon gwoup ka maladi lejyonè la nan yon kominote pa gen rapò ak sistèm plonbri yon bilding. Èske maladi lejyonè la gaye soti nan yon moun pou ale nan yon lòt?

Non, maladi Maladi lejyonè la pa kontajye. Li gaye atravè vapè dlo nan lè a ki gen bakteri *Legionella* ladan l. Si ou malad, ou pa ka fè yon lòt moun malad.

Èske m bezwen mete yon mask?

Nou pa rekòmande pou moun mete mask pou anpeche maladi lejyonè la. Pi bon bagay pou w fè se al wè yon pwofesyonèl sante touswit si w gen sentòm.

Ale sou nyc.gov/legionnaires pou plis enfòmasyon, tankou yon lis gwo fòtèy refwadisman nan zòn nan ki te teste pozitif pou tras bakteri *Legionella*.